

Se yon tè sènp li ye !



Èske w konnen ?

Elisabeth : Bonjour Diane ! Sa k pase ? Èske ou ta renmen soti avè m apre travay la?

Diane : Mwen pa kapab. Mwen gen yon randevou nan OB/GYN (Jinekoloji Obstetrik).

Elisabeth : O, sa k pase ? Ki pwoblèm ou?

Diane : Non, tout bagay anfòm. Se sèlman pou mwen fè fwoti vajinal la. Di mwen vre, ki dènye fwa ou te fè yon fwoti vajinal?

Elisabeth : Mwen pa sonje.

Diane : Fòk ou fè yon fwoti vajinal regilyèman. Se yon tè sènp ki pèmèt yo dekouvri premye siy kansè sèvikal.

Elisabeth : Mwen konprann sa w ap di a, men mwen pa vle fè tè la.

Diane : A machè ! Tout fanm gen pou fè fwoti vajinal regilyèman yon fwa yo gen relasyon seksyèl.

Elisabeth : Mwen pa konnen. Mwen te fè yon fwoti vajinal deja. Mwen pa t twò alèz avèk li.

Diane : Tiffany, fòk ou pran swen tèt ou ! Gen kote ki ofri tè gratis oubyen bon mache.

Elisabeth : Mwen dakò avè w – mwen konnen fòk mwen fè tè sa a. Ki nimewo a ? M ap rele yo jodi a.

- Yon fwoti vajinal ka pèmèt yo dekouvri pwoblèm anvan yo devlope kansè.
- Si ou senyen lè ou pa gen règ ou, si ou gen pèt vajinal oubyen si jan ou senyen lè ou gen règ ou pa nòmal, fòk ou wè yon doktè.

Viris papiyom imen (HPV) mete ou an danje pou gen kansè nan matris – epi kapòt pa toujou pwoteje w !

Pou yon fwoti vajinal
toupri, rele :

1.800.227.2345



Get help anytime.

1.800.ACS.2345 / www.cancer.org